



Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 28% BÈS NAN FIZIYAD NAN KOMINOTE YO ATRAVÈ NEW YORK

*Bès enpòtan nan Long Island, Rochester, Syracuse, Utica, Yonkers*

*Prèske 350 milyon dola investisman sekirize pou redui vyolans ak zam*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ensidan fiziyad ki gen blese yo te bese 28 pousan soti out 2024 lè yo konpare ak menm peryòd uit mwa ane pase a, jan depatman lapolis k ap patisipe nan inisyativ pou Elimine Vyolans ak Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) nan Eta New York te rapòte sa. Gwo bès sa a nan fiziyad se rezilta gwo diminisyon dirab nan vyolans ak zam nan kominote yo ke 28 depatman lapolis k ap patisipe nan GIVE sèvi.

"Sekirite piblik se priyorite nimewo en mwen, epi pwoteje Nouyòkè yo ak kominote yo se fondasyon tout efò nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Estrateji nou yo pou abòde vyolans ak zam yo pwouve efikas, men travay nou pa janm fini – n ap kontinye investi, inove ak fè patenarya ak lapolis pou fè New York vin yon kote ki pi an sekirite pou tout moun."

Bès 28 pousan an refilete 417 ensidan fiziyad avèk blese soti 1 janvyè jiska 31 out 2024, konpare ak 578 ensidan soti 1 janvyè jiska 31 out 2023.

Inisyativ GIVE Eta New York la sipòte 28 depatman lapolis nan 21 konte avèk majorite popilasyon eta a andeyò Vil New York.

Depatman lapolis anba yo te rapòte patikilyèman gwo bès nan fiziyad jiska out 2024 pa rapò ak menm peryòd sèt mwa ane pase a:

- Konte Nassau: 40 pousan bès
- Rochester: 39 pousan bès
- Konte Suffolk: 39 pousan bès
- Syracuse: 26 pousan bès
- Utica: 47 pousan bès
- Yonkers: 56 pousan bès

Done out 2024 pou chak nan 28 departman lapolis k ap patisipe nan inisyativ GIVE yo disponib [sou sitwèb Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl \(Division of Criminal Justice Services, DCJS\) Eta a.](#)

Anplis diminisyon vyolans ak zam yo eksperimente nan kominote GIVE yo, Departman Lapolis Vil New York te rapòte yon diminisyon 12 pousan nan fiziyad (602 kont 682) nan Vil New York jiska out 2024 konpare ak menm epòk ane pase a.

Bidjè [ane fiskal 2025](#) la gen ladann 347 milyon dola Gouvènè Hochul te garanti pou finanse yon plan global ki vize konbat vyolans ak zam, diminye krim ak rekonèt enpòtans yon apwòch plizyè aspè ki amelyore sekirite piblik.

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare,** "Gouvènè Hochul rekonèt ke aplikasyon lwa pou kont li pa fè katye yo vin pi an sekirite. Nan kad lidèchip li, DCJS te resevwa finansman nan nivo rekò pou GIVE, pwogram SNUG Street Outreach nou an, altènatif fas ak pwogram anprizònman, ak sèvis re-ensèsyon ki pèmèt patnè lokal nou yo adrese non sèlman konsekans krim yo, men tou kòz li yo. Investisman enpòtan sa a nan yon apwòch kolaboratif ak plizyè aspè nan yon pwoblèm konplèks ap pote fwi epi amelyore sekirite piblik nan kominote yo atravè eta a."

**Lidè Majorite Sena Eta a Andrea Stewart-Cousins, te deklare** "Nouyòkè yo merite pou yo santi yo an sekirite, se poutèt sa ane pase a anba lidèchip mwen an, Majorite Demokratik Sena New York la te envesti 347 milyon dola pou finanse entèvansyon vyolans entelijan ki bay rezilta enpòtan, tankou pwogram GIVE la. Li remakab ke inisyativ GIVE la te reyalize yon rediksyon 28 pousan nan fiziyad nan lokalite k ap patisipe nan tout eta a, ak Yonkers k ap trase wout la ak yon bès enpresyonan nan 56 pousan. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip ak enfatigab ak efikas li nan pwogram sa a ak lòt inisyativ inovan pou atake vyolans ak zam. Pandan ke tandans asandan sa a vle di pwogrè siyifikatif nan efò nou pou amelyore sekirite piblik, nou rete angaje nan envesti nan apwòch inovan ki diminye vyolans ak zam epi kreye kominote ki pi an sekirite."

**Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare,** "Anons jodi a montre ke investisman nou an nan prevansyon vyolans ak zam ap travay pou rann New York vin pi an sekirite. Mwen ekstrèmman fyè ke efò nou yo te mennen nan yon rediksyon siyifikatif nan fiziyad, men Majorite Asanble a rete angaje nan travay ak patnè eta nou yo pou fè kominote nou yo vin pi an sekirite. Kòlèg mwen yo ak mwen konnen ke nou ka bati yon avni kote okenn Nouyòkè pa dwe viv nan krentif pou vyolans zam k ap devaste kominote yo epi nou dispoze mete resous ak investisman ki nesèsè pou akonpli avni sa a."

**Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare,** "Bès 28% nan fiziyad atravè New York se yon temwayaj sou pouvwa aksyon kowòdone ak investisman estratejik. Angajman Gouvènè Hochul pran anvè sekirite piblik la te pote resous enpòtan nan kominote nou yo, sa ki pèmèt fòs lòd yo ak òganizasyon de baz yo atake vyolans ak zam tèt pou tèt.

Avèk 350 milyon dola envesti nan solisyon pwouve tankou inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (GIVE), n ap wè rezilta reyèl nan rann katye nou yo vin pi an sekirite. Pwogrè sa a se yon etap pou devan nan asire ke chak Nouyòkè, kit se nan Yonkers, Rochester, oswa isit la nan Bronx, ka santi yo an sekirite nan kominote pa yo."

Investisman Gouvènè a gen ladan tou inisyativ yo rekonèt nan nivo nasyonal ke DCJS administre, ki bay finansman, fòmasyon ak asistans teknik bay ajans fòs de lòd ak òganizasyon kominotè nan kominote vyolans zam ak krim vyolan pi frappe yo:

- Prèske 36 milyon dola pou [inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam \(Gun Involved Violence Elimination, GIVE\)](#). Atravè GIVE, DCJS ede 28 departman lapolis nan 21 konte yo aplike estrateji ki baze sou prèv ki pwouve yo reyisi nan redui vyolans ak zam, tankou Poltik ki Akse sou Pwoblèm, Politik nan Pwen Cho yo, Disyasyon Sible/Entèvansyon kont Vyolans Gwoup, Sensibilizasyon Lari, ak Prevansyon Krim atravè konsepsyon anviwòmantal. Estrateji sa yo konsantre sou kèk moun ak kote ki responsab pi fò nan vyolans la epi angaje kominote an jeneral la laj pou bati konfyans. GIVE finanse tou biwo pwokirè distri yo, departman pwobasyon, ak biwo cherif nan konte sa yo.
- 21 milyon dola pou [Pwogram Sansibilizasyon SNUG Street](#), ki itilize yon apwòch sante piblik pou adrese vyolans ak zam nan idantifye sous la, entèwonp transmisyon, ak trete moun, fanmi ak kominote ki afekte pa vyolans lan. Òganizasyon ak lopital ki baze nan kominote yo opere pwogram nan 14 kominote epi yo anplwaye prèske 200 travayè sensibilizasyon, travayè sosyal ak jesyonè ka. Travayè sensibilizasyon yo se mesajè kredib ki te pèdi pwòch yo nan vyolans oswa ki te patisipe anvan sistèm jistis la. Yo reponn ak fiziyad pou anpeche vanjans, detekte konfli, epi rezoud yo pasifikman anvan yo mennen nan lòt vyolans. Travayè sosyal yo ak jesyonè ka yo travay ak moun ki afekte nan vyolans nan kominote a, tankou zanmi ak fanmi. DCJS sipòte efò entèripsyon vyolans Vil New York la tou, li bay 5 milyon dola pou Sistèm Jesyon Kriz (Crisis Management System, CMS) li a pou li kapab ogmante pwogram sa yo.
- 18 milyon dola pou rezo [Sant Analiz Krim](#) inik eta, ki analize, konpile epi distribiye enfòmasyon, ransèyman ak done bay ajans fòs de lòd lokal yo nan tout eta a. Okenn lòt eta pa gen yon sistèm ki similè epi sant yo – ki opere an patenarya ak ajans fòs lòd lokal yo nan 10 konte yo ak Vil New York – se sant efò eta ak lokal yo pou dekouraje, mennen ankèt sou, ak rezoud krim yo. Ane pase a sèlman, anplwaye yo te jere plis pase 90,000 demann pou asistans, ede ajans yo rezoud tout bagay, soti nan vòl an detay rive nan asasina.
- Jiska 20 milyon dola pou [Project RISE](#), yon modèl finansman inik ki rasanble pati konsène yo nan kominote a pou *reponn* ak vyolans ak zam, *envesti* nan solisyon, *soutni* pwogram pozitif, ak *ekipe* kominote yo. Nan premye ane li a, inisyativ la te sipòte 99 òganizasyon, ki gen ladan 74 ti pwogram kominotè, kote anpil ladan yo pa t janm resevwa sipò eta pou

travay yo. Pwogram ak sèvis RISE finanse yo enkli sipò akademik, sèvis travay, konsèy, ak prevansyon delenkans/vyolans.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)